


## Pantalon Nèf Poppa



Gwo **eskondrit** tap fèt nan kay la. Grann Tiny prèske *mete kay la tèt anba* pou li netwaye l. Gwo Mama ak matan Viney ap vin vizite nou. Grann Tiny vle pou tout bagay nan plas yo e byen ranje pou manman l ak sè l. Poppa ak mwen nou travay anpil tankou souke tout tapi nan kay la, lave dènye fenèt yo, deplase mèb yo. *Nou swe tankou pitit bouki.*

Nou te kontan anpil lè Grann Tiny di nou pou nou ale nan magazen al fè komisyon pou li. Mèt magazen an, mesye Owens, di nou Alo Poppa, Alo George, kijan li ka ede nou? Nou lonje lis Grann Tiny an ba li pou li ekzekite l. Pandanstan nou ap voye yon **koudèy** nan boutik la. Se konsa Poppa wè yon pantalon gri a kawo wouj. Li achte l, men pantalon an twò long pou Poppa paske lè li mete l nan tay li pantalon an ap **trennen** atè a. “Eben sa pa fè anyen Granma Tiny va fè **woulèt** la pou mwen.”

Lè nou rive lakay, Big Mama ak matant Viney te la. Yo kontan wè nou, youn bò lòt. Poppa montre yo pantalon an, li **ekspeze** l sou tab la. Big Mama di ala bèl, Matant Viney di se yon bèl twal men li yon ti jan twò long pou ou. Se konsa Poppa di yo pou koupe pye an de sis **santimèt**, pakonsekan li ka mete l demen pou l ale legliz. Medamm yo twò fatige pou yo fè **woulèt** pantalon Poppa a. Yo chak bay yon **ekskiz**. Grann Tiny di: “Cheri mwen leve bonè, kwit manje e netwaye kay la.” Matant Viney li menm di: “Ti **bofrè m** nan, mwen renmen w anpil, mwen kondwi anpil, je m ap fè m mal, fò m ale dòmi.” Tout espwa Poppa sou Big Mama ki li men di: “**Dezole**, mwen fè **atraytis** nan jenou, mwen pa menm ka mache, fò m ale repose m. Poppa di yo oke, li depoze pantalon an sou dodin nan.

Jou swa sa a, m dòmi nan kwizin nan paske matant Viney ak Big Mama okipe chanm mwen an. Mwen santi m etranj la ak gwo **gadmanje** a, gwo fou a ak tout gwo **pandil** la k ap sonnen chak inèd tan. Mwen kite linèt mwen nan chanm nan. Etan m ap dòmi yon ti bagay blan antre anndan an. Apre sa, yon bagay ki gen fòm long, ki mens epi ki blan parèt nan pòt la. Finalman, yon gwo bagay blan antre anndan chanm nan! Chak fwa yo, m pè epi m kache anba dra a. M tande dodin nan k ap fè yon bri, mwen tande bri sizo k ap koupe ak bri tankou yon ti pye k ap mache. M rete m ap di tèt mwen **lougawou** pa egziste.

Apre inèd tan ki te sanble anpil jou bwi a vin sispann. Mwen dekouvri tèt mwen, e finalman mwen louvri zye m pou m gade; sanble **lougawou** a ale. Mwen anvi al jwenn Poppa ak Grann Tiny. Mwen rete tou dousman epi m pran kouraj se atò mwen tande dodin nan ap dodine, *kè mwen rive nan bouch mwen*. Apre sa gen yon ti silans, mwen rekouvri tèt mwen. Mwen telman pè , yon ti dòmi vin pran m, lè m reveye mwen pat ka konnen kote mwen ye. Mwen te cho.

Nan demen maten, te gen yon sipriz. Grann Tiny di l koupe sis **pous** nan pantalon Poppa a nan mitan nan nwit la. Matant Vini ak Big Mama di yo fè **woulèt**

pantalon an tou. Se yo mwen te wè e mwen te konprann se lougawou yo ye! Poppa leve pantalon an li kòmanse ri. Pantalon an rive nan jenou !! Kounye a, se pou mwen pantalon an bon.

Granma Tiny di Poppa “Cheri,ou pa bezwen fatigue ou pou sa yon lòt jou nou va ale achte yon pantalon ansanm e n ap chwazi youn ki bon pou ou.” Big Mama di pou nou fè vit pou n ale legliz. Lè nou rive nou te a lè pou sèvis onz zè a. Granma Tiny, Matant Viney ak Big Mama **bròdè** anpil ak bèl chapo yo. Poppa bwòdè tou, malgre se menm pantalon nwa li abitye mete chak dimanch. Menm mwen te bròdè ak pantalon nèf gri a kawo wouj la.

## Aktivite

### Mwen Konprann tèks la

1. Kisa otè a vle di lè li itilize mo sa a “**eskondrit**” tap fèt nan kay la?”
2. Poukisa Grann Tiny vle pou tout kay la pwòp e bèl pou vizitè yo?
3. Kilès ki naratè nan istwa a? Kijan ou fè konnen sa?
4. Kijan otè a kominike jan Poppa santi l osijè de pantalon nèf li a?
5. Kijan otè a montre jan fanmi an gen afèksyon pou youn lòt?
6. Poukisa poppa di oke, nou konen byen li kontrarye paske yo pa ranje pantalon an pou li?
7. Poukisa George t ap dòmi nan kwizin nan?
8. Ki mo ou ta itilize pou dekri Poppa?
9. Èske ou konn li istwa ki fè ou pè? Ki diferans ki genyen ant istwa ou konn li yo ak istwa sa a?
10. Ki moun ki benefisye lè yo koupe pantalon Poppa an twò kout?

### Ann nou reflechi sou tèks la

1. Poukisa Poppa pa fache dèskan pantalon an kounye a twò kout pou li?
2. George pote linèt. Kijan sa afekte li nan istwa a?
3. Nan istwa a otè a itilize espresyon sa yo: “*Nou swe tankou pitit bouki*” – “*mete kay la tèt anba*” – “*kè mwen rive nan bouch mwen*” Kisa yo vle di?
4. Poukisa dapre ou menm otè a ekri istwa a? Itilize detay nan istwa a pou sipòte repons ou a?
5. Poukisa George p at byen dòmi jou swa sa a? itilize detay nan istwa a pou sipòte repons ou a?
6. Kijan George, Poppa, ak rès fanmi an montre yo renmen lòt?

## Gramè

Idantifye adjektif: Fè yon lis adjektif pou konpare ak adjektif sipèlatif (Kopye yo sou tablo a)

| Adjektif | Adjektif Konparatif | Adjektif sipèlatif |
|----------|---------------------|--------------------|
| Long     | Long pase           | Pi long, trè long  |
|          |                     |                    |

Itilize yon adjektif, yon adjektif konparatif ousinon yon adjektif sipèlatif nan fraz sa yo.

Bon – bèl – frèt – fasil – dous – enteresan

1. Li se -----moun nan katye a.
2. Kay sa a -----kay wouj la.
3. Jodi a fè-----yè.
4. Tès sa-----dènnye sa yo te bay la.
5. Zoranj sa yo-----.
6. Istwa sa a -----.

Nan foto sa yo kilès yo pat itilize pou ranje pantalon an.

